

1

00:00:12,360 --> 00:00:16,680

Bonswa. Jan anpil nan nou konn sa
deja, mwen rele David Castleman,

2

00:00:16,680 --> 00:00:22,600

Epi, mwen asosye nan kabinè avoka Otterbourg
epi tribinal la te nome m administratè jidisyè pou EminiFX.

3

00:00:22,600 --> 00:00:30,000

Mèsi paske nou te asiste dezyèm reyinyon piblik nou an,
nou difize sou chanèl YouTube nou an.

4

00:00:30,000 --> 00:00:36,200

Depi nan premye reyinyon piblik la, nou te lanse
yon platfòm pou itilizatè EminiFX, ansanm ak yon sit

5

00:00:36,200 --> 00:00:42,960

sit entènèt ki fèk renove. Kounye a, paj FAQ la genyen yon
kantite kesyon sou platfòm itilizatè a. Paj sa a,

6

00:00:42,960 --> 00:00:48,680

ansanm ak rès sit la kontinye
rete disponib an Kreyòl Ayisyen ak Fransè.

7

00:00:48,680 --> 00:00:52,560

Mwen kontan fè nou konnen
platfòm itilizatè a disponib kounye a

8

00:00:52,560 --> 00:00:57,280

an Kreyòl Ayisyen ak Fransè. Nou fèk sot
pibliye l, kidonk si nou konekte

9

00:00:57,280 --> 00:01:03,640

bonè epi nou pa wè opsyon lang
sa yo disponib, tanpri eseye ankò.

10

00:01:03,640 --> 00:01:07,640

Epitou, nou te mete kèk videyo èd konsènan
platfòm itilizatè a sou chanèl

11

00:01:07,640 --> 00:01:12,960

YouTube sa a. Si ou jwenn pwoblèm
ak platfòm itilizatè a, mwen ankouraje w kòmanse

12

00:01:12,960 --> 00:01:18,600

Avèk videyo sa yo. Nou tradui soutit
yo an Kreyòl Ayisyen ak Fransè,

13

00:01:18,600 --> 00:01:25,560

W ap jwenn li lè w klike sou bouton paramèt
anba epi adwat videyo a.

14

00:01:25,560 --> 00:01:30,400

Mwen pral konsakre pifò pati nan reyinyon sa a ap
pale sou platfòm nan ak sou kesyon y ap poze

15

00:01:30,400 --> 00:01:36,480

nou. Anvan m kontinye, mwen ta renmen egzamine
rapidman kèk eleman sou premye reyinyon an nou an

16

00:01:36,480 --> 00:01:43,200

Pou sila yo ki potko wè l yo.
Anrejistreman konplè a disponib anba soutit Kreyòl Ayisyen ak Fransè

17

00:01:43,200 --> 00:01:50,520

yo disponib
an kreyòl Ayisyen ak Fransè sou chanèl YouTube la nan ribrik live.

18

00:01:50,520 --> 00:01:55,560

Jan m te deja siyale sa nan premye reyinyon piblik la, yo te chwazi m
nan dosye aplikasyon lwa sivil yo.

19

00:01:55,560 --> 00:02:00,960

Mwen se yon ajan fidisyè endepandan, se Tribinal la
mwen gen pou m bay rapò. Mwen pa gen pou m bay Mr. Alexandre rapò.

20

00:02:00,960 --> 00:02:06,600

Mwen pa gen pou m bay CFTC rapò. Anplis m pa gen pou m bay Ministè Jistis la
rapò. Mwen sèlman m gen pou m

21

00:02:06,600 --> 00:02:14,280

Bay Tribinal la rapò. Epi nou toujou gen objektif pou n fè depo lè sa posib.

22

00:02:14,280 --> 00:02:20,520

Mwen te tande anpil nan nou epi mwen rive konprann, anpil nan moun ki depoze lajan nan EminiFX yo, yo fè sa

23

00:02:20,520 --> 00:02:26,720

nan objektif pou yo te ka jwenn libète finansyè yo. Ranbousman yo te pwomèt nou an te wo anpil,

24

00:02:26,720 --> 00:02:32,400

men anpil nan nou te wè ranbousman sa yo parèt nan tablodbò EminiFX la, semèn apre semèn

25

00:02:32,400 --> 00:02:41,760

Apre semèn. Epi n ap kontinye pran kesyon nan men itilizatè EminiFX yo poze sou ROI.

26

00:02:41,760 --> 00:02:47,520

Jan m te siyale tribinal la sou Sitiyasyon Finansyè yo ki disponib sou sit nou an,

27

00:02:47,520 --> 00:02:55,280

Epi mwen te diskite sa nan dènye reyinyon piblik la, ranbousman sa yo te jis pa reyèl. Jeneralman EminiFX satisfè

28

00:02:55,280 --> 00:03:01,200

demann retrè yo gras ak kont CoinPayments li a. Men kont CoinPayments sa a,

29

00:03:01,200 --> 00:03:06,520

mwen konsidere tankou yon gwo lak, se te yon kont kote sèl sous dlo a se te depo manm EminiFX yo

30

00:03:06,520 --> 00:03:13,320

dayè pa t gen pwofi oswa negosiyasyon sou investisman oswa benefis yo.

31

00:03:13,320 --> 00:03:19,720

Se konsa, lè yon moun soti nan EminiFX epi li te konn touche sou kont coinPayments lan, sa yo te konn peye l la

32

00:03:19,720 --> 00:03:28,680

soti nan depo lòt manm yo, men se pa nan benefis investisman reyèl la li soti. Epi jan m te siyale sa

33

00:03:28,680 --> 00:03:34,880

jeneralman se konsa sistèm Ponzi a fonksyone se sa k fè mwen pa chèche solisyon an sou platfòm itiizate yo

34

00:03:34,880 --> 00:03:43,960

Pou m jwenn enfòmasyon sou peman ROI sou kont itiizate EminiFX yo. Paske sa pat janm reyèl.

35

00:03:43,960 --> 00:03:48,880

Mwen te fè yon ti pale sou bonis yo nan dènye reyinyon piblik la, men mwen te vle bay plis

36

00:03:48,880 --> 00:03:55,880

detay. Anpil nan nou te remake te gen bonis ki ajoute sou kont EminiFX nou, paske nou te rekrute lòt

37

00:03:55,880 --> 00:04:01,720

manm nan EminiFX. Jeneralman, manm yo jwenn bonis pa nonsèlman paske yo rekrute lòt manm,

38

00:04:01,720 --> 00:04:04,480

men tou pou lòt manm, manm sa yo te rekrute,

39

00:04:04,480 --> 00:04:10,880

epi se konsa sa kontinye. Jeneralman se konsa yon pwogram komès ki gen plizyè nivo fonksyone.

40

00:04:10,880 --> 00:04:16,880

Nan moman yo te nome m nan, kantite bonis total sou kont chak moun

41

00:04:16,880 --> 00:04:21,840
te plis pase \$56 milyon dola. Epi nou konn sa se paske nou

42
00:04:21,840 --> 00:04:28,360
gen dosye detaye
sistèm EminiFX la sou bonis rekritman yo.

43
00:04:28,360 --> 00:04:35,440
Depi byen bonè
mwen pral fikse objektif sou fason m ap konsidere bonis sa yo. Paske pat gen

44
00:04:35,440 --> 00:04:40,880
okenn sèvis serye pou vann, paske
ranbousman investisman yo pat reyèl,

45
00:04:40,880 --> 00:04:48,560
Mwen pa konsidere bonis rekritman EminiFX sa yo tankou angajman
lejitim oubyen reyèl. Epi

46
00:04:48,560 --> 00:04:54,280
M ap eksplike sa plis an detay nan
Rapò sou sitiyouyon finansyè a k ap disponib tou sou sit wèb nou an.

47
00:04:54,280 --> 00:05:01,760
Yo mete aksan sou rekritman, nan paj
akèy sit investor.gov la,

48
00:05:01,760 --> 00:05:08,960
Pwomès sou revni pasif ki baze sou ranbousman ki wo,
ak fòm pèman ki konplike, tout sa yo

49
00:05:08,960 --> 00:05:16,360
se karakteristik yon sistèm pyramid. Nou pral mete yon lyen
sou paj investor.gov la konsènan sistèm pyramid yo nan

50
00:05:16,360 --> 00:05:22,960
nòt videyo sa a. Paj wèb
investor.gov la se yon resous gratis

51
00:05:22,960 --> 00:05:28,280

gouvènman ofri pou ede investisè yo pran bon desizyon nan kesyon investisman epi ede yo pou yo evite fwod.

52

00:05:28,280 --> 00:05:34,120

Mwen pral mete tou yon lyen sou avi CFTC a anrapò ak fwod ki konsène machandiz ki pou plizyè inite komèsyal.

53

00:05:34,120 --> 00:05:39,800

Resous gratis sa yo ap vrèman itil investisè yo pou ede yo evite fwod,

54

00:05:39,800 --> 00:05:46,400

epi mwen ankouraje tout moun pou yo itilize yo epi pataje yo ak lòt moun.

55

00:05:46,400 --> 00:05:50,840

Mwen pral pase rès tan an sou platfòm itilizatè a. Mwen ta renmen kòmanse

56

00:05:50,840 --> 00:05:55,840

eksplike poukisa nou gen platfòm itilizatè a epi ki jan pwosesis sa a te rantre

57

00:05:55,840 --> 00:05:59,480

nèt nan pwosedi administrasyon jidisyè a.

58

00:06:00,400 --> 00:06:04,800

Pou n kapab rekipere lajan patisipan EminiFX yo,

59

00:06:04,800 --> 00:06:11,040

mwen bezwen konnen konbyen lajan chak patisipan investi nan EminiFX, epi konbyen chak itilizatè resevwa

60

00:06:11,040 --> 00:06:20,920

nan EminiFX. M ap chèche lajan likid oswa kripto monè k ap antre epi soti nan sistèm EminiFX la.

61

00:06:20,920 --> 00:06:26,160

Nou jwenn yon bon kantite

enfòmasyon k ap ede nou rasanble

62

00:06:26,160 --> 00:06:31,360

enfòmasyon w yo ajou. Youn nan premye bagay mwen te fè lè yo te nome m administratè jidisyè se te rasanble tout

63

00:06:31,360 --> 00:06:38,360

dokiman bankè yo ak dokiman echanj kriptò monè EminiFX yo ansanm ak kont antrepriz li yo.

64

00:06:38,360 --> 00:06:44,120

Mwen konsidere dokiman sa yo tankou pi bon epi pi gwo prèv pou yon tranzaksyon byen presi,

65

00:06:44,120 --> 00:06:50,880

tankou nan ki moman yon depo oswa yon retrè ki nan relve bankè a te fèt.

66

00:06:50,880 --> 00:06:56,840

Men se jis demi nan travay la. Relve bankè yo ap fè mwen menm ansanm ak tout ekip mwen an konnen lè yon moun fè yon

67

00:06:56,840 --> 00:07:03,080

depo oswa lè yon moun benefisye yon retrè. Jeneralman rejis bankè yo pa di n ak ki kont

68

00:07:03,080 --> 00:07:08,720

itilizatè EminiFX chak tranzaksyon asosye. Ebyen se la nou bezwen baz done a.

69

00:07:08,720 --> 00:07:14,920

Lè m te pran tèt pwojè sa a, nou te resewa tout baz done sit wèb EminiFX yo,

70

00:07:14,920 --> 00:07:21,400

ki te fè pati motè prensipal ki t ap kontwole aplikasyon EminiFX la. Baz done sa a

71

00:07:21,400 --> 00:07:27,280

gen yon bon kantite enfòmasyon k ap

ede ekip nou an idantifye ak ki

72

00:07:27,280 --> 00:07:36,680

itilizatè byen detèmine tranzaksyon yo asosye. Men baz done sa a pa ka gide nou a 100%. Se pou sa nou bezwen platfòm nan.

73

00:07:36,680 --> 00:07:41,800

Nan sans sa, platfòm itilizatè a, gen de objektif. Premye objektif la se ede itilizatè yo

74

00:07:41,800 --> 00:07:47,800

Konfime tranzaksyon nou fè pou yo a kòrèk. Si l pa kòrèk,

75

00:07:47,800 --> 00:07:52,800

itilizatè yo ka konteste tranzaksyon an, menmke n ap mande dokiman pou jistifye sa yo konteste a

76

00:07:52,800 --> 00:07:59,400

jan m pral eksplike sa. Itilizatè yo ka fè n konnen tou si gen tranzaksyon ki pou plizyè itilizatè. Kidonk,

77

00:07:59,400 --> 00:08:04,720

si yon itilizatè depoze yon lajan kach ki soti nan fon plizyè itilizatè, platfòm itilizatè a

78

00:08:04,720 --> 00:08:10,800

ap pèmèt itilizatè ki fè depo a idantifye lòt moun ki patisipe nan depo sa a.

79

00:08:10,800 --> 00:08:15,560

Dezyèm objektif la se pèmèt itilizatè yo di si gen tranzaksyon ki pa parèt

80

00:08:15,560 --> 00:08:21,280

nan jounal tranzaksyon yo. Nou paka baze nou sèlman sou done nou genyen yo,

81

00:08:21,280 --> 00:08:28,520

epitou kèk nan tranzaksyon sou relve bankè

yo pat asosye ak yon itilizatè EminiFX byen detèmine.

82

00:08:28,520 --> 00:08:34,080

Sa vle di pou kèk itilizatè ki te fè
depo yo, sa ka rive nou pa gen dosye ki

83

00:08:34,080 --> 00:08:41,800

montre moun sila a fè
yon depo. Platfòm itilizatè a pèmèt itilizatè sila yo

84

00:08:41,800 --> 00:08:50,040

ban nou detay sou
tranzaksyon ki manke, yo ak dokiman ki pwouve sa.

85

00:08:50,040 --> 00:08:59,200

Objektif nou se mete yon dosye konplè
sou pye sou sa itilizatè yo ap

86

00:08:59,200 --> 00:09:05,680

mete oswa retire sou EminiFX. Apresa, lè nou
kreye yon plan distribisyon pou fon nou genyen yo,

87

00:09:05,680 --> 00:09:11,880

n ap kapab fè separe fon nou yo san
paspouki jan nou kapab. Mwen se yon administratè ki san paspouki,

88

00:09:11,880 --> 00:09:16,400

epi se egalite ki misyon prensipal mwen.

89

00:09:16,400 --> 00:09:23,160

Jiskaprezan, apre dezan sèlman, gen plis pase
12,000 itilizatè ki konekte sou platfòm itilizatè a,

90

00:09:23,160 --> 00:09:28,680

ki ap verifye tranzaksyon yo, ki konteste tranzaksyon yo
epi ajoute tranzaksyon yo. Nou deja kòmanse

91

00:09:28,680 --> 00:09:33,480

egzamine demann sa yo, epi n ap
kontinye ak rès travay yo ak itilizatè EminiFX yo

92

00:09:33,480 --> 00:09:38,880

si sa nesèsè. Mwen pwofite remèsye tout
ki konekte jiskaprezan yo epi mwen ankouraje

93

00:09:38,880 --> 00:09:46,760

tout itilizatè yo pou yo konekte epi pou yo fini ak evalyasyon
tranzaksyon yo lè yo kapab.

94

00:09:46,760 --> 00:09:52,160

Dat limit pou sa se 18 Desanm
2023 ane sa a,

95

00:09:52,160 --> 00:09:58,800

men nou vrèman ankouraje w pou ou pa tann jiska
dènye lè.pou ou soumèt tranzaksyon w yo. L ap

96

00:09:58,800 --> 00:10:03,680

enpòtan pou w ta pran yon ti tan pou w
rasanble tout pyès jistifikatif ou yo pou si w ap bezwen yo

97

00:10:03,680 --> 00:10:10,960

Epi n ap tounen nan yon ti tan, apres a soumèt
tranzaksyon ou yo lè sa posib.

98

00:10:10,960 --> 00:10:16,960

Menmjan tou, si ou voye
detay konsènan tranzaksyon an bannou nan imel anvan platfòm itilizatè a an dirèk,

99

00:10:16,960 --> 00:10:22,440

ou sipoze konekte sou platfòm nan ankò,
epi ou dwe fini pwosesis verifikasyon

100

00:10:22,440 --> 00:10:27,480

tranzaksyon an la. Tout moun dwe konekte sou
platfòm nan, epi pou yo fini pwosesis la

101

00:10:27,480 --> 00:10:33,520

menmlè yo te voye l deja. Si ou bezwen èd oswa si ou gen kesyon,
nou gen reyinyon piblik sa a

102

00:10:33,520 --> 00:10:45,360

Videyo èd sou chanèl YouTube la, FAQ sou sit wèb
la ak sèvis Stretto ki disponib atravè imel oswa telefòn.

103

00:10:45,360 --> 00:10:51,240

Kounya, ann pale sou itilizasyon
platfòm nan. Nou tout ta dwe resevwa yon imel

104

00:10:51,240 --> 00:10:56,440

nan Stretto sou fason nou pral
konekte, epitou ki gen yon modpas tanporè pou demare

105

00:10:56,440 --> 00:11:02,520

Pwosesis la. Epitou, ou sipoze mete yon sistèm
idantifikasyon sou pye, k ap genyen de paramèt, ak yon kòd verifikasyon,

106

00:11:02,520 --> 00:11:07,320

nou te mete nan objektif pou sekirize.
N ap pale sou pwoblèm depanaj yo, nan pati kesyon repons la

107

00:11:07,320 --> 00:11:13,520

epitou gen yon
videyo èd sou chanèl la ki montre kijan pou w konekte.

108

00:11:13,520 --> 00:11:20,200

Aprè ou fin konekte sou platfòm nan, w ap wè
non itilizatè ou a ansanm ak nimewo idantifikasyon ou te mande a. Apresa, se nimewo
idantifikasyon ou an

109

00:11:20,200 --> 00:11:26,560

m pral itilize pou idantifye w nan dokiman
jidisyè yo, epi se pou pwoteje konfidansyalite

110

00:11:26,560 --> 00:11:31,120

Gen anpil moun ki fè demann konsènan
konfidansyalite. Epi mwen vle moun sa yo konprann

111

00:11:31,120 --> 00:11:37,040

nou pran sa oserye epi mwayen nou itilize pou nou fè sa, se demann pou yon nimewo

idantifikasyon. Nan tèt paj la,

112

00:11:37,040 --> 00:11:43,480

ou sipoze jwenn enfòmasyon sou kontak ou yo. Tanpri egzamine done sa yo. Si li nesèsè pou ou fè yon mizajou,

113

00:11:43,480 --> 00:11:47,440

tanpri klike sou lyen modifikasyon enfòmasyon m yo epi w ap ka mete

114

00:11:47,440 --> 00:11:53,520

enfòmasyon w yo ajou. Mwen menm ak ekip mwen an pral egzamine mizajou yo pou n kapab wè si yo kòrèk.

115

00:11:53,520 --> 00:11:59,400

Après w ap jwenn yon lis tranzaksyon nou asosye ak

116

00:11:59,400 --> 00:12:06,600

Kont EminiFX ou a. Ou dwe verifye oswa mete ajou chak tranzaksyon ki parèt nan lis la. Si tout bagay kòrèk,

117

00:12:06,600 --> 00:12:14,040

Klike sou verifye tout epi soumèt. Pou anpil itilizatè, nou kapab di pou majorite nan yo

118

00:12:14,040 --> 00:12:19,480

se sa ki nesèsè. Si enfòmasyon kontak ou yo ak tout tranzaksyon ou yo kòrèk,

119

00:12:19,480 --> 00:12:26,320

w ap sèlman gen pou w klike sou bouton tout la, epi pou w fini w ap klike sou bouton soumèt la.

120

00:12:26,320 --> 00:12:30,920

Yon bon kantite itilizatè pral gen kont, kote yo pap ka fè sa akòz yo gen kèk pwoblèm

121

00:12:30,920 --> 00:12:37,440

nan tranzaksyon yo. Sa posib, epi

se rezon sa ki fè nou fè reyinyon piblik yo. Si w pa konnen

122

00:12:37,440 --> 00:12:44,720

Yon tranzaksyon oswa si montan an pa kòrèk,
ou kapab konteste tranzaksyon sa a. Ou kapab tou

123

00:12:44,720 --> 00:12:51,200

Ajoute yon manm nan tranzaksyon ki konsène a,
si tranzaksyon sa a te fèt an antye oswa an pati sou kont yon lòt

124

00:12:51,200 --> 00:12:57,480

moun. Kidonk ou depoze lajan pou tèt ou
oswa pou yon lòt itilizatè EminiFX,

125

00:12:57,480 --> 00:13:03,520

oubyen tou pou plizyè itilizatè, videyo èd ki sou chanèl YouTube
administratè itilizatè EminiFX yo

126

00:13:03,520 --> 00:13:09,840

Pral bay plis detay sou fason yon dwe fè sa. Apresa n ap
diskite plis sou sa nan reyinyon piblik sa a tou.

127

00:13:09,840 --> 00:13:16,320

Sa ka rive gen kèk moun ki konekte epi yo pa wè
tranzaksyon nan lis la. Se yon bagay nou rankontre fasil.

128

00:13:16,320 --> 00:13:23,160

Tout sa vle di, lè n t ap egzamine
dosye nou genyen yo nou pat kapab rive

129

00:13:23,160 --> 00:13:30,760

asosye yon depo oswa yon retrè, ak kont
itilizatè ou a. Si ou te fè depo oswa

130

00:13:30,760 --> 00:13:38,320

retrè ki pa parèt, mwen pral eksplike nou sa nan
reyinyon piblik sa a sou fason pou nou mete l la.

131

00:13:38,320 --> 00:13:45,320

Si ou mete oswa konteste yon tranzaksyon, ou

dwe tou telechaje dokiman jistifikatif yo

132

00:13:45,320 --> 00:13:51,800

k ap di nou dat ak montan
tranzaksyon sa a, nan foma PDF. Dokiman sa yo

133

00:13:51,800 --> 00:13:57,960

Se pral
relve bankè, bòdwo depo, konfimasyon kriptò monè,

134

00:13:57,960 --> 00:14:04,960

Email ak lòt ankò, sa pral baze sou sikonstans
reyèl chak tranzaksyon.

135

00:14:04,960 --> 00:14:10,920

Pou ou mete yon itilizatè nan yon tranzaksyon, ou
dwe bay non

136

00:14:10,920 --> 00:14:17,520

itilizatè EminiFX la, email ak montan tranzaksyon ki asosye
ak

137

00:14:17,520 --> 00:14:23,080

Lòt itilizatè a, epi yon ti eksplikasyon
sou sa ki te pase si sa posib.

138

00:14:23,080 --> 00:14:30,680

Lè w ap verifye oswa konteste yon tranzaksyon, lè w ap ajoute itilizatè
oswa lè w ap telechaje dokiman, ebyen tout sa yo anrejistre sou system nan

139

00:14:30,680 --> 00:14:37,120

li pa nesèsè pou w peze bouton soumèt la tousuit
. Ann di ou ta gen senk tranzaksyon,

140

00:14:37,120 --> 00:14:42,440

Epi ou konfime kat, men ou dwe
genyen anrejistremman yo pou verifye dènye a, senkyèm nan,

141

00:14:42,440 --> 00:14:47,520

ou ka fè tout sa lè w klike sou verifikasyon kat premye yo

, epi sitèm nan ap konsève rezilta w yo

142

00:14:47,520 --> 00:14:53,840

menmke w ta dekonekte. Li pa nesè pou w peze bouton soumèt la pou w kapab konsève sa w te deja kòmanse yo, pa fè sa

143

00:14:53,840 --> 00:15:02,800

pa klike sou bouton soumèt la si w poko fin verifye oswa ajoute tranzaksyon ou yo.

144

00:15:02,800 --> 00:15:08,560

Tousuit apre ou fin verifye oswa konteste oswa ajoute youn oubyen plizyè manm nan tout tranzaksyon ou yo

145

00:15:08,560 --> 00:15:15,640

ou kapab klike sou bouton soumèt la, ki pral soumèt tout tranzaksyon ou yo bay ekip mwen an. Annapre, nou pral

146

00:15:15,640 --> 00:15:26,080

egzamine tout tranzaksyon kont sa a yon sèl fwa apresa n ap fèsuivi si sa nesèsè.

147

00:15:26,080 --> 00:15:30,160

Mwen ta renmen pale sou kèk nan pwoblèm nou jwenn pi souvan yo,

148

00:15:30,160 --> 00:15:33,120

apresa nou pral pase nan kesyon ki pi presi yo.

149

00:15:33,120 --> 00:15:39,040

Premye a, se bouton soumèt la, m te mansyone an premye a. Gen kèk konfizyon,

150

00:15:39,040 --> 00:15:43,440

kote gen kèk itilizatè ki ta klike sou bouton soumèt la twò bonè,

151

00:15:43,440 --> 00:15:47,240

anvan nou fin fè tout tranzaksyon yo. Se pa grav,

152

00:15:47,240 --> 00:15:53,720

nou konprann sa ka rive. Si ou klike sou soumèt, alòske ou gen lòt tranzaksyon ou potko fè,

153

00:15:53,720 --> 00:16:02,760

W ap jis voye yon email nan EminiFX@Stretto.com, eksplike sityasyon ou an, epi ekip mwen an ap

154

00:16:02,760 --> 00:16:09,040

pran rezolisyon nesèsè yo. Si ou te klike sou soumèt la twò vit, voye yon imel pou nou epi n ap jere sa.

155

00:16:09,040 --> 00:16:14,640

Yon lòt pwoblèm nou jwenn ankò, se konfli nan tranzaksyon yo kote montan yo menm

156

00:16:14,640 --> 00:16:20,760

oswa prèske menm. Nan sans sa a, si tranzaksyon an se pou menm montan an—ann di platfòm nan montre yon

157

00:16:20,760 --> 00:16:31,000

gen yon depo 123.45 \$, epi dosye w yo di gen yon depo 123.45 \$

158

00:16:31,000 --> 00:16:38,040

nan ka sa a, w ap gen pou w verifye si tranzaksyon an koresponn ak sa ki nan dosye a.

Ann di dosye ou a ta di \$ 123.21 oswa \$ 122.85,

159

00:16:38,760 --> 00:16:43,480

se de nimewo ki sanble anpil, se jis yon ti pousantaj ki separe yo.

160

00:16:43,480 --> 00:16:54,440

Mwen pa vle twò teknik nan Reyinyon Piblik sa a, men diferans sa vini prèske aprè te gen

161

00:16:54,440 --> 00:17:02,040

frè tranzaksyon ki pat fè pati

depo yo oswa retrè yo. Nan sans sa a,

162

00:17:02,040 --> 00:17:07,280

si se yon ti diferans toupiti ki genyen
nan nimewo yo, kantite nou genyen an vrèman bon,

163

00:17:07,280 --> 00:17:12,120

epi n ap pwopoze w, verifye
tranzaksyon sa a. Men si w

164

00:17:12,120 --> 00:17:17,440

gen komantè oswa pwoblèm, nou kapab toujou
pale sou sa, apre n ap aranje sa.

165

00:17:17,440 --> 00:17:22,000

Nan sa ki gen pou wè ak pyès jistifikatif, mwen menm
ak ekip mwen an apresye tout enfòmasyon yo

166

00:17:22,000 --> 00:17:27,720

kote w ap telechaje epi pataje avèk nou pou
verifye tranzaksyon yo. An jeneral,

167

00:17:27,720 --> 00:17:31,400

Dokiman enpòtan yo se
relve bankè, fich depo yo,

168

00:17:31,400 --> 00:17:37,880

Konfimasyon kripto monè yo, imel enpòtan
yo, lòt imel, selon sitiwayon an.

169

00:17:37,880 --> 00:17:43,640

Jeneralman sa ki pa two itil yo, se
foto ekran ou konsève sou platfòm

170

00:17:43,640 --> 00:17:50,480

EminiFX la. Foto ekran sa yo
petèt pap sifi pou verifye tranzaksyon yo.

171

00:17:50,480 --> 00:17:55,360

Si ou gen lòt bagay, mwen

ankouraje w telechaje yo. Sa te vle di,

172

00:17:55,360 --> 00:18:00,840

Mwen pa fikse règ ki estrik, paske
mwen konnen sitiwayon itilizatè yo

173

00:18:00,840 --> 00:18:06,840

oswa sitiwayon tranzaksyon yo ka pa menm.
Men nou pral verifye si tranzaksyon an te fèt vrèman

174

00:18:06,840 --> 00:18:14,360

yon fason pou n ka jis anvè
tout itilizatè EminiFX yo san paspouki.

175

00:18:14,360 --> 00:18:18,520

Finalman nou remake gen kèk
navigatè entènèt ki

176

00:18:18,520 --> 00:18:23,600

fonksyone pi byen avèk platfòm itilizatè a. Mwen pa
rekomande yon pwodui an patikilye,

177

00:18:23,600 --> 00:18:28,000

men si ou kapab itilize navigatè Chrome, nou
ankouraje w fè l. Nou remake

178

00:18:28,000 --> 00:18:35,280

gen pwoblèm nan navigatè Safari a,
espesyalman pandan platfòm itilizatè a konekte.

179

00:18:35,960 --> 00:18:41,320

Epi finalman anvan nou kòmanse ak Kesyon Repons yo—yon
pwèn rapid men ki enpòtan. Nou pa

180

00:18:41,320 --> 00:18:46,400

chaje yon frè pou itilize platfòm nan.
Pa gen moun mwen te bay otorizasyon

181

00:18:46,400 --> 00:18:55,720

pou kolekte yon frè nan men ou antanke itilizatè

platfòm nan gratis pou tout moun itilize.

182

00:18:55,720 --> 00:19:00,720

Nou te resevwa anpil kesyon nan men ou itilizatè yo. Mwen te chwazi kèk

183

00:19:00,720 --> 00:19:05,880

ki jeneralman plis aplikab, epitou mwen pa t bay enfòmasyon sou moun ki bay detay yo pou pwoteje

184

00:19:05,880 --> 00:19:11,640

Konfidansyalite itilizatè yo. Kidonk, ann pase rès tan an ap egzamine yo.

185

00:19:11,640 --> 00:19:16,560

Premye kesyon. Mwen verifye tout tranzaksyon mwen yo. Èske

186

00:19:16,560 --> 00:19:21,640

Administratè a toujou vle pou m voye pyès jistifikatif yo?

187

00:19:21,640 --> 00:19:27,600

Repons kout la se Non. Si ou verifye yon tranzaksyon, alò nou pa bezwen okenn lòt

188

00:19:27,600 --> 00:19:34,240

dokiman nan etap sa a. Si gen yon sitiyasyon espesyal, kote nou bezwen plis dokiman,

189

00:19:34,240 --> 00:19:38,880

nou pral kontakte ou. Men, pou kounye a, si ou klike sou verifye se tout sa ou bezwen fè

190

00:19:38,880 --> 00:19:45,680

pou tranzaksyon sa a. Kounye a, sonje, lè ou klike sou verifye w ap konfime tou

191

00:19:45,680 --> 00:19:51,040

ou pa t ap fè yon depo nan non

yon lòt itilizatè. E se te sa ou t ap fè, nou pral

192

00:19:51,040 --> 00:19:58,480

wè nan yon ti kras plis an detay ki jan ou ka fè sa, ki jan ou ka jere sitiwayon sa a.

193

00:19:58,480 --> 00:20:02,800

Oke pwochen kesyon, ki jan mwen ka konfime tranzaksyon sa yo?

194

00:20:02,800 --> 00:20:07,000

Èske gen yon kote espesifik mwen ta dwe chèche?

195

00:20:07,000 --> 00:20:11,160

Se yon bon kesyon. Epi li pral diferan pou chak itilizatè. Paske sa

196

00:20:11,160 --> 00:20:18,400

pral depann de fason itilizatè a te fè depo li a, ak ki dosye itilizatè a genyen. Kidonk,

197

00:20:18,400 --> 00:20:23,080

Ann di yon itilizatè te fè yon depo lè l voye Bitcoin atravè CoinPayments,

198

00:20:23,080 --> 00:20:29,320

itilizatè sa a ta ka chèche imèl konfimasyon nan CoinPayments ki konfime tranzaksyon an,

199

00:20:29,320 --> 00:20:34,280

oswa itilizatè a ta ka gade nan kont echanj oswa nan rejis Bitcoin yo pou wè ki sa

200

00:20:34,280 --> 00:20:38,200

ki sous Bitcoin yo epi voye ban nou yon foto ekran an anrapò ak sa.

201

00:20:38,200 --> 00:20:42,360

Ann di yon itilizatè te fè yon depo atravè transfè nan bank li

202

00:20:42,360 --> 00:20:47,120

bay EminiFX. Konsa, li te kapab gade tout relve bank li yo pou mwa sa a epi

203

00:20:47,120 --> 00:20:53,520

gade lis transfè ki soti yo. Li ta ka menm gen yon imèl ki konfime transfè a.

204

00:20:53,520 --> 00:21:00,480

Petèt yon lòt itilizatè te fè yon depo lajan kach nan gichè. Si li gen yon bòdwo depo oswa

205

00:21:00,480 --> 00:21:06,160

fich depo kesye a te ba li, sa ta ka itil pou konfime sa. Oswa si

206

00:21:06,160 --> 00:21:11,600

moun sa a te retire lajan kach nan pwòp bank li, li ta ka gade nan relve labank

207

00:21:11,600 --> 00:21:19,520

apati dat retrè nan bank epi an menm tan ak depo nan EminiFX.

208

00:21:19,520 --> 00:21:23,480

Kidonk, kounye a, mwen te mansyone relve labank yo plizyè fwa, si ou gen nenpòt relve labank

209

00:21:23,480 --> 00:21:28,720

ki reflete yon depo dirèk nan EminiFX, yon transfè, oswa yon chèk, oswa retrè,

210

00:21:28,720 --> 00:21:34,640

nou sot pale de yo a, mwen sijere ou kenbe relve labank sa yo. Si ou pa gen kopi

211

00:21:34,640 --> 00:21:40,240

nan relve labank sa yo, mwen rekòmande pou

ou kontakte bank la pi bonè sa posib olye pita

212

00:21:40,240 --> 00:21:46,000

pou ou jwenn kopi relve sa yo pou dosye
ou yo, menmsi nou pa bezwen yo,

213

00:21:46,000 --> 00:21:51,360

li pi bon pou ou gen relve sa yo
nan dosye ou. Kidonk, sa yo pral deklarasyon

214

00:21:51,360 --> 00:22:01,960

an jeneral ki ant Oktòb 2021 ak Me 2022. Tout
sa pral depann de tranzaksyon ou te fè a,

215

00:22:01,960 --> 00:22:08,440

ak dosye ou genyen yo. Donk, mwen jis
vle mete aksan sou si ou sèlman

216

00:22:08,440 --> 00:22:16,200

n ap chèche sèlman dokiman si
w ap konteste oswa ajoute yon tranzaksyon.

217

00:22:16,200 --> 00:22:20,640

Men yon lòt kesyon. Sèl
tranzaksyon ki parèt

218

00:22:20,640 --> 00:22:25,960

se depo mwen te fè pèsonèlman yo,
apeprè \$9,000. Mwen te bay ajan mwen an anviwon

219

00:22:25,960 --> 00:22:31,640

\$6.000. Mwen pa wè depo sa a.
Kijan pou mwen ajoute sa nan tranzaksyon an?

220

00:22:33,360 --> 00:22:38,840

Ok, donk, nan ka sa a, nou gen yon itilizatè ki te fè
yon depo nan bay yon lòt moun lajan,

221

00:22:38,840 --> 00:22:44,880

epi apre sa moun sa a te fè depo a sou

non 1. Epi isit la montan an te \$ 6,000.

222

00:22:44,880 --> 00:22:51,360

Nan ka sa a, ou ta dwe
ajoute yon tranzaksyon, idantifye lòt itilizatè a,

223

00:22:51,360 --> 00:22:57,000

epi ajoute omwen yon fòm pyès jistifikatif ki koresponn
ak yon tranzaksyon,

224

00:22:57,000 --> 00:23:00,760

yon relve labank, yon imèl, yon tèks, nenpòt bagay.

225

00:23:00,760 --> 00:23:05,280

Si ou pa gen okenn dokiman,
lè sa a, mwen rekòmande ou ekri yon lèt

226

00:23:05,280 --> 00:23:09,800

eksplike sitiyasyon an, siyen
lèt la eskane lèt sa a nan fòm PDF,

227

00:23:09,800 --> 00:23:13,720

epi atache ak ajoute pyès jistifikatif
ou yo. Bon, annou pase

228

00:23:13,720 --> 00:23:21,240

nan yon evalyasyon sou yon baz ka pa ka ki ka
vle di mande w pou plis dokiman.

229

00:23:21,240 --> 00:23:27,480

Men yon kesyon ki gen rapò ak sa. Yon zanmi
te transfere lajan sou kont EminiFX mwen an

230

00:23:27,480 --> 00:23:32,360

pou fè m kòmanse. Mwen pa
wè transfè sa a nan jounal tranzaksyon

231

00:23:32,360 --> 00:23:38,560

mwen an. Poukisa se konsa sa ye epi ki jan zanmi m nan
ka ajoute tranzaksyon an sou kont mwen kounye a?

232

00:23:38,560 --> 00:23:46,280

Oswa èske mwen dwe fè zanmi m nan konfyans pou ajoute m kòm manm sou kont li a?

233

00:23:46,280 --> 00:23:52,040

Sa se yon bon kesyon. Repons ak kesyon sa a pral depann de si ou te bay zanmi ou an

234

00:23:52,040 --> 00:24:00,640

lajan. Donk, ann di zanmi ou an te fè yon depo \$20,000 epi li te ba ou \$2,000 pou

235

00:24:00,640 --> 00:24:06,960

fè ou kòmanse nan EminiFX, men ou pa janm te bay zanmi ou okenn lajan. Nan ka sa a,

236

00:24:06,960 --> 00:24:10,640

ou pa janm fè yon depo nan EminiFX paske ou pa janm

237

00:24:10,640 --> 00:24:17,000

mete okenn lajan reyèl nan sistèm EminiFX la dirèkteman oswa atravè zanmi ou an.

238

00:24:17,000 --> 00:24:25,040

Epi sonje, m ap chèche sèlman lajan reyèl ki antre ak lajan reyèl ki soti. Transfè entèn yo,

239

00:24:25,040 --> 00:24:33,720

ROI, ak bonis yo pa fè pati pwosesis sa a. Kidonk, ann chanje a, ann di ou te bay zanmi ou an

240

00:24:33,720 --> 00:24:41,160

\$2,000 lajan kach, epi li te fè depo a. Epi annapre, se poutèt sa li te ba ou yon transfè \$2,000

241

00:24:41,160 --> 00:24:49,400

Nan EminiFX. Lè sa a, ou ta ajoute yon tranzaksyon pou \$2,000 ak eksplikasyon ou te fè

242

00:24:49,400 --> 00:24:54,920

depo sa a lè w bay yon zanmi lajan an,
menm jan ak egzanzp nou te egzamine a sa gen kèk minit

243

00:24:54,920 --> 00:25:03,920

sèlman. Donk, nan egzanzp sa a, si zanmi ou an te resevwa
\$2,000 lajan kach nan men ou, epi li te depoze \$18,000

244

00:25:03,920 --> 00:25:12,680

nan lajan li ansanm avèk \$2,000 nan lajan ou,
pou yon total \$20,000, Lè sa a, zanmi ou an ta dwe

245

00:25:12,680 --> 00:25:20,840

ajoute ou nan depo \$20,000 a. Zanmi ou an
ta dwe ale nan tranzaksyon \$20,000 li a, klike sou "Ajoute

246

00:25:20,840 --> 00:25:34,520

Manm," epi ranpli fòm ki parèt la ki endike
\$2,000 nan \$20,000 sa yo te pou ou.

247

00:25:34,520 --> 00:25:39,560

Oke, chanje sijè yon ti kras
ale nan yon sijè ki yon ti jan diferan. Kidonk,

248

00:25:39,560 --> 00:25:45,520

kesyon an se èske w ap kapab louvri
platfòm EminiFX la pou nou ka egzamine

249

00:25:45,520 --> 00:25:51,320

detay sou kont nou an epi verifye
tranzaksyon yo sou platfòm itilizatè a?

250

00:25:51,320 --> 00:25:58,040

Donk repons sa a se Non. Pou rezon sekirite ak
teknik, nou pa kapab epi nou pap ouvri

251

00:25:58,040 --> 00:26:04,680

platfòm EminiFX la, men nou te deja
sèvi ak done yo rekipere nan platfòm nan

252

00:26:04,680 --> 00:26:12,360

ki matche ak pi fò nan tranzaksyon yo.
Nou pa kapab ni nou pa vle pi lwen.

253

00:26:12,360 --> 00:26:21,480

Oke yon lòt kesyon ki gen rapò ak sa. Modpas EminiFX mwen an
pa fonksyone sou platfòm itilizatè administratè a. Poukisa?

254

00:26:21,480 --> 00:26:27,720

Dakò, enfòmasyon idantifikasyon pou ou konekte
sou platfòm itilizatè a diferan ak eeh

255

00:26:27,720 --> 00:26:33,000

sa w itilize pou EminiFX yo. Ou ta dwe
resevwa yon imèl nan men Stretto ak

256

00:26:33,000 --> 00:26:38,680

yon modpas tanporè ak enstriksyon sou fason
pou ou konekte. Si ou pa t resevwa imèl sa a,

257

00:26:38,680 --> 00:26:44,600

toudabò gade nan filtè spam ou an. Si ou toujou
pa wè li, lè sa a, ou ka klike sou bouton "pa t

258

00:26:44,600 --> 00:26:50,840

resevwa yon imel" nan paj dakèy
platfòm nan, oswa voye yon imèl bay EminiFX@Stretto.com

259

00:26:52,680 --> 00:27:00,480

ak non itilizatè EminiFx la ak imel ou, epi
n ap voye yon imèl ba ou pou konnen kijan pou w konekte.

260

00:27:00,480 --> 00:27:04,680

Pou rezon sekirite, nou te
etabli yon dezyèm faktè otantifikasyon,

261

00:27:04,680 --> 00:27:09,160

lè l sèvi avèk yon kòd verifikasyon. Kidonk, lè ou deja
konekte ak yon modpas tanporè,

262

00:27:09,160 --> 00:27:15,160

w ap resevwa yon imèl nan men Stretto ak kòd verifikasyon sa a. Tanpri bay imel sa a kèk minit

263

00:27:15,160 --> 00:27:21,280

pou l rive anvan ou klike sou bouton an yon dezyèm fwa. Tanpri tcheke tou filtè spam ou yo,

264

00:27:21,280 --> 00:27:25,280

kòm yo ka rekipere l, kòd verifikasyon imel la ka tonbe tou nan fichye

265

00:27:25,280 --> 00:27:30,800

spam ou an. Jis sa mwen mande se pou ou pa klike sou bouton voye yon imèl yon dezyèm oswa yon twazyèm fwa

266

00:27:30,800 --> 00:27:35,400

touswit paske sa pral anile kòd kontni nan premye imèl la. Kidonk, si ou klike

267

00:27:35,400 --> 00:27:40,120

sou bouton an epi apre kèk minit ou toujou pa gen yon imèl, petèt eseye yon lòt fwa ankò,

268

00:27:40,120 --> 00:27:43,480

epi si ou toujou pa jwenn yon imel apre sa rele imel Stretto. Jis pa plede

269

00:27:43,480 --> 00:27:49,560

klike sou bouton an plizyè fwa, se paske sa pa bon pou sistèm nan. Apre ou fin konekte,

270

00:27:49,560 --> 00:27:56,400

premye fwa a, ou pral kapab eeh chanje metòd pou resevwa kòd verifikasyon an pou

271

00:27:56,400 --> 00:28:02,560

mesaj tèks si w prefere sa, pou w ka jwenn kòd verifikasyon an nan imel oswa nan tèks.

272

00:28:02,560 --> 00:28:08,760

Oke, de lòt kesyon. Donk, premye kesyon an. Mwen gen plizyè kont EminiFX,

273

00:28:08,760 --> 00:28:11,240

ki jan mwen ka fizyone yo tout?

274

00:28:12,000 --> 00:28:16,200

Si w ale nan pati anba nan platfòm nan, ou pral wè yon bouton fizyone kont yo,

275

00:28:16,200 --> 00:28:21,160

kote ou ka mande pou nou fizyone kont yo. Ou pral jis bezwen ajoute lòt non itilizatè a ak

276

00:28:21,160 --> 00:28:26,480

verifeye si ou posede adrès imel sa a tou . Epi fizyone yo tout. Ou ka fè sa

277

00:28:26,480 --> 00:28:33,040

pou plizyè kont itilizatè. Ekip mwen an pral egzamine tout kont fizyone yo pou asire yo

278

00:28:33,040 --> 00:28:38,600

demann nan apwopriye. Gen yon videyo èd sou mekanik yo sou fason pou ou fè sa sou

279

00:28:38,600 --> 00:28:45,280

Chanèl YouTube sa a. Kont pou menm itilizatè a jeneralman ap apwopriye pou fizyone,

280

00:28:45,280 --> 00:28:50,440

men ka gen sitiasyon kote kont fizyon yo pa apwopriye.

281

00:28:51,960 --> 00:28:55,680

Yon lòt egzanp nou te jwenn se yon mari ak yon madanm ka gen de kont separe

282

00:28:55,680 --> 00:29:00,520

epi ou vle fizyone yo. Si se
ka sa a, jis voye demann lan ban nou, n ap egzamine

283

00:29:00,520 --> 00:29:08,000

li sou yon baz ka pa ka pou asire ka sa a
apwopriye, men eeh ou ka toujou mande sa.

284

00:29:08,000 --> 00:29:12,680

Oke dènye kesyon. Donk, mwen te pale sou sa nan premye reyinyon piblik
nou an, men mwen vle fè sa ankò,

285

00:29:12,680 --> 00:29:15,560

nan ka ou gen nenpòt nouvo telespektatè, epi
paske mwen konprann sa nan

286

00:29:15,560 --> 00:29:21,600

lespri tout moun. Ki lè itilizatè yo
ta dwe espere resevwa yon depo?

287

00:29:21,600 --> 00:29:26,640

Premye depo a ap fèt pi vit posib
jan nou kapab. Nou toujou bezwen fini

288

00:29:26,640 --> 00:29:35,360

pwosesis sou platfòm itilizatè a an premye. Nou gen
apeprè 50,000 tranzaksyon ki deja soumèt,

289

00:29:35,360 --> 00:29:39,920

pou sa mwen vrèman rekonesan. Nou toujou gen
plizyè milye itilizatè ki bezwen fini

290

00:29:39,920 --> 00:29:46,320

pwosesis sou platfòm nan. Si ou poko fè sa, se
nòmral, pa panike, gen anpil tan toujou.

291

00:29:46,320 --> 00:29:54,880

Men, tanpri fè sa pi vit posib, jan ou kapab epi eseye pa
tann jis anvan dat limit la, ki se 18 Desanm.

292

00:29:54,880 --> 00:29:59,040

Yon fwa pwosesis sa a fini, ekip mwen an avè m
pral bezwen tan pou egzamine

293

00:29:59,040 --> 00:30:03,760

soumisyon yo epi chèche apwouve
demann itilizatè yo otorize yo. Sa pral

294

00:30:03,760 --> 00:30:09,760

fòmè baz pou depo alavni yo. Nan
faz sa a, li twò bonè pou mwen di

295

00:30:09,760 --> 00:30:15,440

konbyen yon moun pral resevwa. Kalandriye a
ak fason yo fè distribisyon yo ap gen anpil chans

296

00:30:15,440 --> 00:30:21,760

Pou yo defini atravè yon plan distribisyon
epi se tribinal la k ap apwouve l.

297

00:30:21,760 --> 00:30:26,800

Tanpri sonje tout ekip mwen an ap travay
di pou asire pwosesis la fèt san paspouki

298

00:30:26,800 --> 00:30:35,360

Epi li presi pou tout moun. N ap fè efò
pou kòmanse distribisyon yo pi vit posib, jan nou kapab.

299

00:30:35,360 --> 00:30:41,200

Se tout kesyon nou genyen pou kounye a. Donk, nou
pral kenbe yon kopi nan videyo sa a sou chanèl YouTube nou an,

300

00:30:41,200 --> 00:30:47,040

oumenm oswa lòt moun ka gen aksè ak li nenpòt ki lè.
Chèn sa a genyen tou videyo pou fòmasyon sou platfòm itilizatè yo

301

00:30:47,040 --> 00:30:53,160

ou ka gade
si ou bezwen èd. Pou fini, si w gen nenpòt kesyon,

302

00:30:53,160 --> 00:31:01,480

tanpri voye on imèl bay EminiFX@Stretto.com. Mwen di itilize imel sou yon telefòn si ou kapab. Nou pèmèt

303

00:31:01,480 --> 00:31:13,960

ou pou rele nou gratis nan 855-228-3721
oswa aletranje nan +1-949-407-5078.

304

00:31:13,960 --> 00:31:24,440

Gade tou nouvo sit entènèt nou an nan

<https://protect-us.mimecast.com/s/HmZECZ6oNycmVZEuK9Twm?domain=eminifxreceivership.com>
om pou

305

00:31:24,440 --> 00:31:29,440

kijan pou jwenn aksè sou platfòm itilizatè a,
epi pou yon seksyon Q&A ki ajou,

306

00:31:29,440 --> 00:31:35,280

ki gen ladan kesyon sou platfòm itilizatè a
ak tout enfòmasyon sou administrasyon jidisyè a.

307

00:31:35,280 --> 00:31:46,280

Mèsi paske w te pran tan
pou w rejwenn nou. Bonswa.